



Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO MEZI POU ELAJI AKSÈ NAN KOUVÈTI
ASIRANS FÈTILITE POU KOUF KI GEN MENM SÈKS YO NAN KAD AJANDA
FANM 2021 AN**

Yo pral egzije konpayi asirans yo kouvri sèvis fètillite yo pou koup ki gen menm sèks yo imedyatman

Pwopozisyon an baze sou mezi New York yo ki se lidè nan nasyon an pou pwoteje dwa fanm ak Nouyòkè LGBTQ yo

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay enstriksyon ak Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) a pou asire ke konpayi asirans yo kòmanse kouvri sèvis fètillite yo imedyatman pou koup ki gen menm sèks yo ki ta swete kòmanse yon fanmi. Pandan ke lwa asirans aktyèl la egzije konpayi asirans yo kouvri sèvis enfètillite yo, koup ki gen menm sèks yo dwe pafwa peye 6 oswa 12 mwa nan depans ki soti nan pòch yo pou tretman fètillite yo tankou tès ak pwosedi enseminasyon terapeetik pa donatè anvan pou yo kalifye pou kouvèti. Depatman Sèvis Finansye a, sou direksyon Gouvènè Cuomo, pral mande konpayi asirans yo pou founi kouvèti imedyat pou sèvis fètillite yo pou koup ki gen menm sèks pou elimine tan datant yo ak ogmantasyon depans yo. Pwopozisyon an te prezante nan Diskou Gouvènè a sou Sitiyasyon Eta a pou ane 2021 an kòm yon eleman kle nan Ajanda Fanm yo epi li baze sou yon kantite mezi ki se lidè nan nasyon an pou pwoteje dwa alafwa fanm yo ak Nouyòkè LGBTQ yo, gen ladan kouvèti asirans ki nesèsè nan sèvis fekondasyon in-vitro yo pa plan Asirans yo k ap bay kouvèti pou gwo gwoup, pwomilgasyon Lwa sou Egalite Maryaj (Marriage Equality Act), Lwa kont Diskriminasyon Sou Baz Ekspresyon Sèksyèl (Gender Expression Non-Discrimination Act, GENDA), legalize matènite sibstitisyon, entèdi terapi konvèsyon ak defans panik kont moun ki omoseksyèl ak transeksyèl yo epi resamman, anilasyon entèdiksyon 'Mache Antanke Transeksyèl (Walking While Trans)'.

"Pandan twò lontan yo te refize bay koup ki gen menm sèks yo kouvèti pou avantaj enfètillite imedya yo, sa ki fòse yo peye depans byen wo - souvan ki entèdi - ki soti nan pòch yo pou kòmanse yon fanmi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Yo pa ta dwe refize okenn Nouyòkè opòtinite pou yo vin yon paran, ni lajwa pou yo elve yon timoun, akòz oryantasyon seksyèl yo, epi chanjman sa a reflekte sa nou menm antanke Nouyòkè nou konnen ki dwe vrè: ke renmen se sa ki fè yon fanmi, ke enklizyon se fòs nou epi ke lalwa ta dwe fonksyone pou tout Nouyòkè yo."

Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè a ak Prezidan Konsèy sou Fanm ak Ti Fi yo (Council on Women and Girls) te deklare, "New York ap nan tèt nasyon an nan pwoteje dwa tout Nouyòkè yo ak nan rann li pi fasil pou kòmanse yon fanmi nan aelaji aksè ak tretman fètilite ki san danje epi abòdab yo. Planifikasyon famiyal se yon pakou ki pwofondeman pèsònèl ak emosyonèl epi biwokrasi pa ta dwe fè li pi difisil. Nouvo mezi sa yo make yon gwo vikwa pou fanm yo ak kominote LGBTQ a, epi nou pral kontinye kraze baryè pou planifikasyon famiyal yo jiskaske chak Nouyòkè gen aksè ak pwoteksyon ak sèvis yo bezwen yo pou kòmanse yon fanmi pou kont yo".

Gouvènè a se yon defansè fèm pou agrandi egalite. Anba lidèchip li a, New York vin yon lidè nasyonal nan pwoteje dwa Nouyòkè LGBTQ yo soti nan promilgasyon Lwa sou Egalite Maryaj la ki se lidè nan nasyon an nan ane 2011 rive nan Lwa Kont Diskriminasyon sou Ekspresyon Seksyèl la an 2019. Jis ane pase a, Gouvènè Cuomo te siyen dokiman sou matènite sibstitisyon legalize a pou vin lwa nan Eta a, sa ki ap ede koup LGBTQ yo ak koup ki ap lite ak enfètilite yo agrandi fanmi yo. Gouvènè a te entèdi tou terapi konvèsyon an epi li te anile entèdiksyon defans panik kont moun ki omozeksyèl ak trans-seksyèl yo. Ane sa a, Gouvènè Cuomo te abwoje politik 'Mache Antanke Transeksyèl' la ki te sible enjisteman ak kontwole yon fason dispwopòsyone fanm koulè transeksyèl ak siseskyèl yo.

Gouvènè a te aji tou pou entèdi diskriminasyon nan distribisyon sèvis swen sante yo ak aksè nana kouvèti asirans sante. An 2019, Gouvènè a te bay enstriksyon ak Depatman Sèvis Finansye a pou li pwomilge nouvo règleman ki pwoteje aksè ak kouvèti asirans pa Nouyòkè transeksyèl ak Nouyòkè ki pa konfòme ak yon sèks yo, epi li te siyen nouvo lejislasyon ki entèdi konpayi asirans yo fè diskriminasyon nan dispozisyon kouvèti pou tretman fètilite yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)